# भारतीय जनता पार्टी

## चुनाव घोषणापत्र 2014 प्रमुख बिन्दू (मैथिली मे)

## प्रस्तावना

आइ भारत कें **'डेमोक्रेसी, डेमोग्राफी आओर डिमांड'** के रूप मे दुर्लभ शक्ति आओर अवसरक वरदान भेटल अछि। जं हमरालोकनि मजबूती देबऽ आओर एकर सदुपयोग करय मे सक्षम भेलहुं, तऽ निश्चितरूपहि हमरालोकनि ओहि ऊंचाइ कें हासिल कऽ सकैत छी, जेकर भारत वास्तविक हकदार अछि। आइ देशक बदहाली के सबसं पैघ कारण ओहि लोकक खराब मंतव्य छनि, जिनकर 60 बरख सं देश पर शासन चलि रहल अछि। आओर यैह हमरालोकनि पहिल बदलाव लायब। भाजपाक नीति आओर एकर क्रियान्वयनक पहिल लक्ष्य रहत : **"एक भारत श्रेष्ठ भारत"** आओर हमर सभक रास्ता होयत **"सभहक संग–सभहक विकास"।** यैह थिक राष्ट्र आओर देशवासीक प्रति हमर सभक प्रतिबद्धता।

पार्टी के एहि संकल्पक संग, श्री नरेंद्र मोदी के करिश्माई नेतृत्व में हमरालोकनि 16म लोकसभा के चुनाव मे उतरि रहल छी। आओर हम सभ पूर्ण मनोयोग सं भारत कें स्थायी, सशक्त, दूरदृष्टियुक्त आओर विकास आ ओहिक प्रगति के लेल प्रतिबद्ध सरकार देबय के काम करब।

इ अपन आओर अपन देशक भाग्य बदलऽ के अवसर अय।

## कि करय चाहैत अछि भाजपा देशक जनता के लेल ?

## देश के कोना–कोना कें विकास सं जोड़नाई

- 100 नया शहर बसेनाई।
- देश के 100 सबसं पिछड़ल जिला'क विकसित कय कऽ ओहि के अन्य विकसित जिला के समकक्ष बनेनाई।
- प्रत्येक व्यक्ति कें अपन घर हो, जाहिमे बिजली, पानी आओर शौचालय के सुविधा सुलभ हो।
- देश भरि के गामक विकास'क लेल ग्रामीण हाट'क जाल बिछेनाई आओर गाम मे शहर जका सुविधा उपलब्ध केनाई।
- कुटीर आओर छोट उद्योग मे कार्यरत परंपरागत कारीगर कें अपन क्षमताक विकास हेतु ऋण सुविधा आओर बाजार सं जुड़ाव स्थापित करय मे मदद देनाई।

- एकटा व्यापक राष्ट्रीय ऊर्जा नीति के निर्माण केनाई।
- मनरेगा कें चालू रखैत एहि के उत्पादक कार्य सं जोड़नाई।
- राष्ट्रीय गैस ग्रिड निर्माण केनाई।
- राष्ट्रीय वाई–फाई नेटवर्क खड़ा केनाई।
- बुलेट रेलगाड़ीक लेल हीरक चतुर्भुज परियोजना शुरू केनाई।
- कृषि उत्पाद वितरण हेतु रेल नेटवर्क बनेनाई।
- पर्यटन रेल नेटवर्क बनेनाई।
- घरे–घर नल द्वारा पानी के सप्लाई।
- स्वतंत्रताक 75म वर्षगाँठ (2022) धरि प्रत्येक परिवार कें एकटा पक्का घर सुनिश्चित केनाई।

## महंगाई पर नियंत्रण

- दाम नहि बढ़य, एहि के लेल अलग सं कोष'क व्यवस्था।
- जमाखोरी, कालाबाजारी रोकबाक लेल विशेष अदालत के स्थापना, अपराधी कें त्वरित दंड व्यवस्था।
- भारतीय खाद्य निगम कें खरीद, भंडारण आओर विपणन हेतु तीन भाग मे बंटेनाई।

## भ्रष्टाचार निर्मूलन के लेल

- इ–गवर्नेंस द्वारा पारदर्शिता'क बढ़ावा।
- प्रशासन आओर नागरिक'क बीच कार्यप्रणाली मे मनमानी'क अवसर समाप्त केनाई।
- प्रत्येक स्तर पर प्रक्रिया आओर तरीका कें सरल केनाई – नागरिक, संस्था आओर प्रतिष्ठान मे आपसी विश्वास बढ़ेनाई।

## रोजगार कें बढ़ावा देनाई

- रोजगार कार्यालय के 'कॅरियर केंद्र'क रूप मे परिवर्तन।

- उद्यमिता विकास आओर व्यापक ऋण सुविधाक माध्यम सं रोजगार निर्माण।
- रोजगार'क अवसर बढ़ाबऽ लेल कपड़ा, जूता, इलेक्ट्रॉनिक्स सामान व पर्यटन कें विशेष रूप सं बढ़ावा देनाई।
- पांच 'प' – **परंपरा, प्रतिभा, पर्यटन, पण (व्यापार), आओर प्रौद्योगिकीक** शक्ति के सहायता सं भारत कें एकटा ब्रांड के रूप मे स्थापित केनाई।

## महिला – राष्ट्र निर्माता

- कन्या कें बचाबऽ आओर पढ़ाबऽ के लेल एकटा राष्ट्रीय अभियान : **''बेटी बचाउ – बेटी पढ़ाउ''** शुरू केनाई।
- बलात्कार पीड़ित आओर एसिड हमला के शिकार महिलाक कल्याणक लेल सरकार एकटा कोष'क निर्माण करत, जाहि सं एहन महिला कें इलाज आओर हुनकर कॉस्मेटिक सर्जरी'क मेडिकलक खर्च उठाएल जाय!
- पुलिस स्टेशन कें महिला'क अनुकूल बनाएल जायत आओर विभिन्न स्तर पर पुलिस मे महिला के संख्या बढ़ाएल जाएत।
- महिला के विशेष हुनर प्रशिक्षण'क लेल कारोबारी प्रशिक्षण पार्क बनाएल जाएत।
- महिला कें विधान सभा आओर संसद मे 33 प्रतिशत आरक्षण दियाबऽ के प्रतिबद्धता।

## एससी/एसटी/ओबीसी वर्ग – सामाजिक न्याय आओर सशक्तिकरण

- भाजपा हर स्तर पर छुआछूत आओर अस्पृश्यता खत्म करय के लेल संकल्पबद्ध अछि।
- एहन वातावरण तैयार कएल जाएत, जाहिमें एससी/एसटी आओर ओबीसी वर्ग सहित अन्य गरीब वर्ग कें प्राथमिकता के आधार पर शिक्षण आओर उद्योग लगाबय हेतु अवसर भेट सकय।
- भाजपा सुनिश्चित करत कि एससी/एसटी आओर ओबीसी वर्ग के लेल जाहि फंड के व्यवस्था कएल गेल अछि, ओकर समुचित आओर बेहतर ढंग सं उपयोग हो।
- एहि वर्गक लोकक लेल घर, शिक्षा, स्वास्थ्य आओर स्किल डेवलपमेंट के लेल एकटा मिशन चलाएल जाएत।

**आदिवासी के लेल** घर, पानी, बिजली शिक्षा आओर स्वास्थ्य जका मूलभूत सुविधा सुनिश्चित केनाई आओर विस्थापन से बचेनाई।

**अल्पसंख्यक – समान अवसर**

- अल्पसंख्यक शैक्षणिक व्यवस्था आओर संस्थान कें सशक्त आओर आधुनिक बनाएल जाएत। राष्ट्रीय मदरसा आधुनिकीकरण कार्यक्रम शुरू कएल जाएत।

**सीमा क्षेत्र पर विशेष ध्यान**

- उत्तर पूर्वी राज्य'क प्राकृतिक व मानवीय संसाधनक दोहन कय कऽ ओहि कें पश्चिमी क्षेत्र के बराबर ठाढ़ केनाई।
- उत्तर पूर्वी राज्य'क लेल बनाएल गेल मंत्रालय के सशक्तिकरण।
- कश्मीरी पंडित कें अपन प्रदेश जम्मू–कश्मीर में ससम्मान वापसी'क लेल कदम उठेनाई आओर प्रदेश मे सुशासन स्थापित केनाई।
- धारा 370 के समाप्ति।

**आतंक के खिलाफ**

- आतंकवाद, चरमपंथ आओर अपराध कोनो कीमत पर बर्दाश्त नहि कएल जाएत।
- सीमापार आतंकवाद आओर घुसपैठ सं पूरा सख्ती सं निपटल जाएत।
- आतंकवाद प्रतिरोधी तंत्र'क स्थापना।

**वरिष्ठ नागरिक के जीवन कें आसान बनेनाई**

- वरिष्ठ नागरिक कें आर्थिक सहायता।

**शारीरिक रूप सं अक्षम लोकक लेल**

- शारीरिक रूप सं विकलांग लोकक हित आओर अधिकारक रक्षा लेल विधेयक पास केनाई।

**युवा के लेल**

- राष्ट्रीय युवा सलाहकार परिषद्क गठन केनाई।

- विद्यार्थी कें ऋण देबऽ के प्रक्रिया कें सरल बनाएल जाएत।
- एकटा ''राष्ट्रीय खेलकूद प्रतिभा खोज प्रणाली'' केर प्रारंभ।

## भारतक नागरिक कें स्वास्थ्य सेवा प्रदान करय के लेल

- प्रत्येक राज्य कें एम्स जका एकटा स्वास्थ्य संस्था देनाई आओर राष्ट्रीय इ–स्वास्थ्य अथॉरिटी के गठन।

## टैक्स प्रणाली मे सुधार

- टैक्स ढांचा के सरलीकरण केनाई आओर ओहि के न्यायसंगत बनेनाई।

## किसान के लेल

- किसान कें हुनकर लागत पर कम–सं–कम 50 प्रतिशत लाभ सुनिश्चित केनाई।
- किसान के लेल प्रादेशिक टी. वी. चैनल शुरू केनाई, ए.पी.एम.सी. एक्ट मे सुधार केनाई, भूमि उपयोगक राष्ट्रीय नीति के निर्माण आओर भूमि बीमा योजना लागू केनाई आदि।

## उद्योग के लेल

- देश भरि में उद्योग, विशेष रूप सं छोट आओर मझिला उद्योगक लेल लॉजिस्टिक आओर बिजली जका सुविधा सुलभ बनेनाई।
- मल्टी ब्रांड खुदरा व्यापार मे विदेशी निवेश'क अनुमति नहि।
- खुदरा विक्रेता, छोट व्यापारी आओर विक्रेताक हितक रक्षा के लेल सभै जरूरी कदम उठाएल जाएत!

## गाम'क विकास के लेल

- गाम कें प्रत्येक मौसम'क अनुकूल सड़क सं जोड़नाई।
- प्रधानमंत्री ग्राम सिंचाई योजना के अंतर्गत – प्रत्येक खेत कें पानी।

## असंगठित क्षेत्र के लेल

- असंगठित क्षेत्र मे कार्यरत श्रमिक लोकनिक लेल पहचान पत्र, श्रमिक बैंकक स्थापना, पेंशन आओर स्वास्थ्य बीमा योजना शुरू केनाई!

## बुनकर आओर कारीगरक लेल विशेष ध्यान

- कारीगर, लुहार, बुनकर, बढई, केश–कर्तक, चर्मकार आओर कुम्हार आदि के संग–संग मछुआरा वर्ग के कौशल विकास आओर एहि व्यवसाय कें अधिक कुशल अवसर प्रदान करय के लेल नव योजना बनाएल जाएत।

## पूर्व सैनिक'क हित मे

- पूर्व सैनिकक समस्याक सुनवाई लेल पूर्व सैनिक आयोगक गठन।
- पूर्व सैनिक अंशदायी स्वास्थ्य योजना (ई सी एच एस) मे सुधार आओर पूर्व सैनिक के पुनर्रोजगार; एहि आयोगक कार्यक्षेत्र रहत।
- **'एक रैंक–एक पेंशन'** योजना कें लागू केनाई।

## हिमालय

- विभिन्न प्रदेश आओर क्षेत्र कें समन्वय कय कऽ अंतर–सरकारी साझेदारी के अंतर्गत एकटा अदभुत आओर अभूतपूर्व कार्यक्रम ''नेशनल मिशन ऑन हिमालय'' प्रारंभ केनाई।
- हिमालय संरक्षण फंड'क स्थापना।
- हिमालय प्रौद्योगिकी कें समर्पित एकटा केंद्रीय विश्वविद्यालय के स्थापना।

## देश कें नव ऊंचाई पर लऽ जाय बला अन्य सार्थक कदम

- सांस्कृतिक महत्त्व सं जुड़ल धरोहर, जेना– हिमालय, मरुस्थल क्षेत्र आओर प्राकृतिक चिकित्सा पर आधारित 50 पर्यटन सर्किट बनेनाई।
- क्षेत्रीय भाषा कें प्रोत्साहन आओर सब भाषाक रिकॉर्ड कें डिजिटिलाइजेशन केनाई।
- एकटा "राष्ट्रीय हुनर मिशन" स्थापित केनाई।
- जनसंख्या स्थिरीकरण कें एकटा राष्ट्रीय मिशन कार्यक्रम के रूप मे चालू कएल जाएत।

## भारतीय संस्कृति आओर विरासत के रक्षा

- संविधानक दायरा मे राम मंदिरक निर्माण लेल सब विकल्प तलाशल जायत।
- रामसेतु, सेतु–समुद्रम चैनल परियोजना पर निर्णय लेबय काल में ओकर सांस्कृतिक विरासत आओर थोरियम भंडार के तथ्य के दृष्टिगत राखल जायत।
- गाय आओर गौवंशक रक्षा कएल जायत।
- गंगा मे निर्मलता आओर ओकर प्रवाह मे निरंतरता संगहि सभ प्रमुख नदी कें स्वच्छता सुनिश्चित केनाई।
- सर्वश्रेष्ठ परंपरा सं प्रेरित आओर संविधान के भावनाक अनुसार समान नागरिक संहिता।

## व्यवस्थागत सुधार

- प्रधानमंत्री कार्यालय के अंतर्गत एकटा संस्था के गठन कय कऽ प्रशासनिक सुधार।
- एकटा प्रभावशाली लोकपाल बनेनाई; संगहि इ–ग्राम आओर विश्वग्राम कार्यक्रम चालू केनाई।
- अदालत के संख्या दुगुना करय के लक्ष्य हासिल केनाई आओर फास्ट ट्रैक अदालत के गठन केनाई।

**सरकारक दर्शन – 'सभसं पहिने भारत'**

**एकमात्र धर्मग्रंथ – 'संविधान'**

**एकमात्र शक्ति – 'जनशक्ति'**

**एकमात्र प्रार्थना – 'जनताक भलाई'**

**एक रास्ता – 'सभहक संग –सभहक विकास'**

**संकल्प**

**पारदर्शी सरकार, जवाबदेह सरकार**

**जनकेंद्रित आओर जनप्रेरित नीति**

**भाजपा लाउ–देश बचाउ।**

**अहि बेर– मोदी सरकार।**